



**Bilten enfòmasyon komisè Depatman  
Sèvis Enspeksyon Boston,  
Massachusetts**

**Nimewo:** 2008-1 **Dat li**  
**soti:** Ma S, 2008 **Dat**  
**l ap rante an vigè:** 12 mas  
2008

---

**Sijè:** SÈTIFIKASYON POU TERAS KI SOU DO KAY

---

**Objektif:** Bilten enfòmasyon sa fèt nan objektif pou etabli rekòmandasyon pou sètifikasyon pou teras ki do kay selon **CBC 9-9.13 ki nan regilasyon pou aksè sou do kay batiman ki gen inite rezidansyèl**

---

**Detèminasyon:**

1. Politik

Vil Boston te adopte yon òdonans pou kontwole itilizasyon do kay yo kòm espas lwaziak espas kote **moun** rasanble . Òdonans sa te fèt nan enterè sante piblik, sekirite ak kalite lavi rezidan kinan vil la.

Pou asire nou moun yo respekte òdonans sa a, politik sa a ki etabli, epi k a ap rante an vigè 30 jou apre piblikasyon l:

- 1.1 Tout teras ki sou do kay oswa do kay ki plat ki pa gen estrikti yo itilize menm jan an dwe sètifye chak 5 lane apati dat òdonans sa a rante an vigè a .
- 1.2 Depatman Sèvis Enspeksyon an (Inspectional Services Department, ISO) ap rasanble yon baz done ki gen dosyèsètifikasyon sa yo pou asire l pwopriyete yo respekte òdonans sa a.
- 1.3 Nan objektif bilten enfòmasyon sa a,tèm "teras ki sou do ka" dwegen ladan l do kay ki plat ki pa gen estrikti, men ki aksesib epi yo ka itilize nan objektif lwazi (gade nan CBC 9-9.13).

2. Fason li aplikab

Òdonans sapa aplikab nan sikonstans sa yo

- 2 Kaypou yon sèl ak de (2) fanmi kote se pwopriyètè yo ki abite (jan li defini nanKòd 780 CMR Konstriksyon Massachusetts).

- 2.2 Teras ki sou do kay ki gen yon sèl rantrè atravè inite kote pwopriyete a abite.
- 2.3 Do kay la pa aksesib pou lokatè yo oswa li pa sou alam dapre CBC 9-9.13

3. Teras sou do kay ki la deja - Kalandriye konfòmite

- 3.1 Teras ki la deja yo, epi ki te jwenn otorizasyon Depatman Sèvis Enspeksyon dwe respekte òdonans lan pandan y ap fè sètifye lokal yo (gade seksyon 4.4 anba a) pou nou wè dat ki enpòtan yo:

<u>SIKONSKRI PSYON</u>	<u>DAT SÈTIFIKASYON</u> 30
1, 3, 5, 7, 9	jen 2009
<b>2, 4, 6, 8, 10</b>	30 jen 2010
11 jiska 15	30 jen 2011
16 jiska 22	30 jen 2012

- 3.2 Depi yon teras sou do kay fini epi/oswa ISD a fin fè dokiman yo, teras sou do kay la dwe sètifye ankò jan yo mande sa nan seksyon 4.4 anba a chak (5) lane.

4. Teras sou do ka ki fenk fèt, ki ranplase oswa ki repara

- 4.1 Nou dwe fè demann pou nouvo teras ki sou do kay, oswa teras nan ap ranplase oswa repara, oswa espas sou do kay ki san estrikti nou gen entansyon itilize pou lwazi bay ISD sou fòm pèmi konstriksyon detaye.
- 4.2 Aplikasyon an dwe vini avèk plan ki gen tenb yon achitèk oswa yon enjenyè Commonwealth of Massachusetts ki anrejistre, epi li dwe montre li respekte egzijans kòd konstriksyon eta a ak kòd pou separasyon zòn nan vil Boston.
- 4.3 Epi tou, nou dwe bay prèv pou nenpòt lòt egzijans, tankou nou dwe soumèt apwobasyon BRA ak komisyon pou peyizaj avèk aplikasyon an, oswa anvan nou bay pèmi a.
- 4-4 Lè pwojè a fini pwopriyete a dwe depoze yon deklarasyon sou sèman kote yon achitèk oswa yon enjenyè ki anrejistre nan Massachusetts di li sètifye teras ki sou do kay la respekte règleman ki aplikab nan moman yo te bay premye pèmi a .


4.4.1 Sètifikasyon sa a dwe kouvri tout aspè sekirite piblik tankou kantite pwa moun ki obligatwa, egzijans ki gen rapò ak ranp (wotè, balistrad, chaj aplike, elatriye ). Epitou, li gade obligasyon pou aksè ak evakyasyon.

5. Plizyè Teras sou Do Kay


Batiman ki gen plizyè teras sou do kay menm si yo gen pwopriyete an komen oswa yo pa genyen pwopriyete an komen dwe gen yon teras sou do kay, o swa espas ki menm jan an ki sètifye avèk men deklarasyon sou sèman an, si li aplikab.

---

Siyen:



William J. Good, III  
Komisyone  
Depatman Sèvis Enspeksyon



Gary P. Moria Enspektè  
Batiman yo  
Depatman Sèvis Enspeksyon